



**REPUBLIKA Y'UBURUNDI**  
**IBIRO VY'ICEGERA CA KABIRI**  
**C'UMUKURU W'IGIHUGU**



**ICEGERANYO C'AMAHANGIRO YASHIZWE IMBERE**  
**MW'ITERAMBERE RIRAMA MU BURUNDI**  
**KUVA 2016-2030**



**MUKAKARO 2018**

## URUTONDE RW'IBIRIMWO

INCAMAKE Y'IVYIHWEJWE.....	2
URUTONDE RW'IBICAPO.....	5
Igicapo ca 1: Urutonde rw'intumbero Umugambi washizwe imbere ku rwego rw'igihugu hamwe n'ibiruranga.....	5
Igicapo ca 2 : Urutonde rw'ibikorwa vyatunganijwe bafatiye ku bikorwa vyari vyashizwe imbere.....	15



## INCAMAKE Y'IVYIHWEJWE

Uburundi ni igihugu kiri ku mugabane wa Afirika yo hagati ariko kikaba kure y' ibahari. Ni kimwe mu bihugu bigize akarere k'ibiyaga binini binini. Gifise uburinganire bungana n'ibirometero kwadarato ibihumbi 27.834. Muri vyo ibirometero kwadarato 25.200 bigizwe n'isi ndimwa hamwe n'ibirometero kwadarato ibihumbi 2000 bigizwe n'amazi y'ikiyaga ca Tanganyika. Ico gihugu gifise abanyagihugu baharurwa mu miriyoni cumi n'igice (10.500.000) ni ukuvuga ko ku kirometero kwadarato kimwe haba abantu bangana 403. Igihugu c'Uburundi kikaba giharurwa mu bihugu bifise abanyagihugu benshi ku kirometero kwadarato muri Afirika.

Ihagarikwa ry'intambara mu Burundi ryahuriranye nuko hariko haba inama ya bose ya mirongo itanu na gatanu ihuza ibihugu bitandukanye vyo kw'isi, iyo nama ikaba yabaye ku magenekerezo ya 6 gushika ku wa 8 nyakanga 2000, iyo nama ikaba yari yerekeye iterambere ry' ikimpumbi . Kuva aho Uburundi bugarukiye mu nzira ya demokarasi mu mwaka wa 2005 bwarashubijwe mu nzira y'iterambere ariko harabayeho gucukwira kuko ihangiro ry' ikimpubi kwari gushikira iterambere nyakuri nk'uko ikirangaminsi cyaverekana kuko ikiringo carangira mu mwaka wa 2015.

Mu nama rukokoma yerekeye iterambere rirama yabaye kw'igenekerezo rya 25 Nyakanga 2015 yahuza ama leta atandukanye yaremeje amahangiro 17 n'intumbero 169 yerekana ivyoshirwa imbere mu ntumbero yogusezera burundu ubukene, kurwanya ubusumbasumbane n'akarenganyo, guhangana n'ihindagurika ry'ibihe mu myaka 15 iri imbere. Kuva ubu gushika 2030, amakungu ategerezwa guhangana n'ubukene aho kubandanya dutitura isi yacu, tutibagiye ubusumbasumbane burenze mbere bigatuma havuyuka ishuri n'umwiheburo. Kubera aya mahangiro n'intumbero kuvyerekeye ibihugu vyose ata na kimwe kivuyemwo, zitegerezwa gushirwa mu ngiro kandi zidakumiriye umuntu n'umwe.

Ni muri icyo ntumbero Uburundi bwashimye kwifatanya n'amakungu mukugira uwo mugambi w'iterambere rirama uwabwo, Uburundi bufadikaniye n'ishirahamwe PNUD ryarashizeho amahangiro n'intumbero ngenyewe hatibagiye abajwe kubishira mu ngiro Uburundi bwaboneyeho gushinga umugambi wa 2 wo kurwanya ubukene witwa CSLPII 2012-2015. Kugira ushirwe mu ngiro uburundi butegerezwa gushiraho umugambi w' igihugu ujejwe iterambere PND uwo nawo ukerekana ibisata vyoshirwa imbere gusumba ibindi kandi hatarenzwe amategeko.

Kwinjiza ayo mahangiro mu bisata biraba ubuzima bw' igihugu kandi hisunzwe intumbero ya leta nirwo rufunguzo rwerekana ko igihugu c'injiye mw'iterambere rirashe.

Ku rutonde rushasha rw'ivyokorwa hari ibibazo nyamukuru bitegerezwa gutorerwa umuti urama. Iyo na vyo ni ibi bikwirikira:

- Kugwiza umwimbu;
- Kuronswa ivyo vyose umunyagihu akenera na cane cane mu bisata vy'indero n'amagara y'abantu ku ronswa amazi meza, isuku, gukingirwa.

Ku biraba itunganywa ry'imigambi, Uburundi bwarafashe intumbero n'imigambi ibereye kugira bushikire iterambere haba mu myaka izoza canke muri kazoza ka hafi naho hakiri utugorane tutari duke.

Gushikira iryo terambere ntivyoroshe kuko ibisabwa ari vyinshi aha tuvuga inyubako, ibikoresho muri iyo migambi tutibagiye ko iyo migambi itegerezwa gutegurwa, ikiringo, uburyo bukenewe, n'ishirwa mu ngiro ry' iyo migambi. Iyo ntibiheza ngo bizane akunguko mugihe hatabaye ikurikiranwa ry'ibisata bitandukanye, kumenya ivyoshirwa imbere gusumba ibindi, gukoresha neza ubutunzi busanzwe buhari, gukoresha neza imfashanyo ari naco gituma hakwiye gukoreshwa ubwenge mbere hagakarihirizwa ubwenge abajejwe gushira mungiro uwo mugambi w'igihugu mu ntumbero yo gushigikira iterambere nyakuri.

Dufatiye ku nyigisho dukura mu mahangiro y'ikimpumbi, umugambi w'iterambere rirama wo gushika 2030 hasabwa ko inyishu zose zofatwa zoba zumvikanyweko, iviyumviro bishasha n'umwete udasanzwe mu ntumbero yo gushigikira rya terambere kuri bose, ridakumira, rizira akarenganyo kandi rirama biciye mu kwikenura, kubigwiza tutibagiye kubikoresha neza.

Amahangiro Uburundi bwashize imbere bwafatiye ku mahangiro y'ikimpumbi atashoboye gushikako canke atigeze atera imbere hamwe n'inzitizi zijana n'ibihe turimwo. Aha twovuga :

- i. Ihindagurika ry'ibihe n'inkwirikizi ku birajanye n'ubushuhe ku mu gabane w'isi, iduga ry'urugero rw'amazi y'amabahari na cane cane ku bihugu vyegereye amazi hamwe rero n'ama leta mato mato agizwe n'amazinga tutibagiye ubumara buri mu ma bahari;
- ii. Ibihuhusi;
- iii. Igabanuka ry'ubutunzi kama n'inkurikizi mbi zifatiye ku gutituka kw'isi na cane cane : ikena ry'amazi, ubugararwa, itituka ry'isi ndimwa, ikena ry'amazi adatamba n'ihona ry'ibinyabuzima;
- iv. Kudafatwa kumwe bibandanya vyibonekeza, mbere bitera bireza urugero, ububasha buke n'ikumirwa ry'ama miriyari y'abantu abayeho mu bukene kandi abona ko yahonyangiwe agateka;
- v. Umwumvikano muke, ukwinubana bikabije n'iterabwoba hamwe rero n'ingwano zishobora kwaduka bigatuma abantu bata izabo;
- vi. Ingorane ziterwa n'igwirirana ry'abantu mu gihugu hagati no mu bisagara;
- vii. Ubushomeri butera bwiyoungera cane cane mu bakiri bato;
- viii. Ibiza vy'indwara( izakaranda, n'izindi z'ivyaduka) ;
- ix. Ingorane zijanye n'intwari ibereye ku ngero zitandukanye( ku rugero rw'isi, akarere, igihugu canke aho umuntu aba),
- x. Guteza imbere ubutunzi mu bisata vyose bigize ubuzima bw'igihugu bifatiye kw'iterambere rirama kandi ridakumira;

Uburyo bise RIA (isuzuma ridadevye) bwemejwe n'umugwi w'ishirahamwe mpuza makungu ONU ujejwe iterambere nibwo bwakoreshejwe kandi bwatumye hanashingwa intumbero zofatirwako kugira habe iterambere .

Mw'ihitamwo ry' amahangiro n'imigambi yoshirwa imbere, bafatiye ku bintu bitatu :

- i. Akamaro;
- ii. Urugero rw'ivyoshirwa imbere;
- iii. Akarusho yozanira abanyagihugu.

**Inyuma y'inama yahuje aberwa n'ico kibazo, Uburundi bwahisemwo amahangiro 16, intumbero 49, ivyokorwa 101. Hejuru y'ivyo harashizweho n'ihangiro ryo gufashanya n'ibindi bihugu (ihangiro rya 17) naryo rikaba rifise intumbero 19, ivyokorwa 25 ariko hakaba n'izindi ntumbero ziraba ishirwa mungiro nazo ni 43 zererekana ibikorwa 50 kugira haboneke umutekero ukwiye w'ibisabwa gushirwa mu ngiro n'igihugu. Vyose hamwe ni amahangiro 17, intumbero 111, n'ibikorwa 176.**

Tutibagiye ko ayo mahangiro yose yerekeye ibihugu vyose ata na kimwe kivuyemwo, ibihugu bihurikiye muri uwo mugambi w'iterambere vyarabonye ko hakenewe uburyo bwinshi kugira bushike kwihangiro mbere bukaba ubwo buryo busumba ubwakoreshewe mw'ihangiro ry'ikimpumbi. Ikibazo kijanye n'ukwegeranya uburyo akaba ari inkoramutima.

Ku biraba Uburundi, hakenewe ko higwa neza ibisata bishobora kuzana amafaranga bitigeze bikorerwako kandi bugasabwa gukomeza imigenderanire mu ntumbero :

- Kwegeranya uburyo bwose bushoboka bw'igihugu mu guteza imbere ubutunzi;
- Kurondera imfashanyo aho hose hashoboka cane cane hanze y'igihugu;
- Kwongereza n'ugutsimbataza ubucuti mu biraba ubutunzi n'ubuhinga hagati y'ibihugu.

## URUTONDE RW'IBICAPO

### Igicapo ca 1: Urutonde rw'intumbero Umugambi washizwe imbere ku rwego rw'igihugu hamwe n'ibiruranga.

Amahangiro y'iterambere rirama n'abo ryega	Ibiruranga
<b>Ihangiro rya 1 : kurwanya burundu ubukene ubwo aribwo bwose kw'isi nzima</b>	
1.3. Gushiraho uburyo hamwe n'ingingo z'ugukingira abanyagihugu mu vyerekeye imibano dufatiye ku buryo igihugu kibayeho, gukora ku buryo gushika mu 2030, igice kinini c'abantu bakenye n'abantu b'intege nke babitoreramwo akoyokwe.	1.3.1. Ibitigiri kw'ijana vy'amashirahamwe yo gufashanya yiyemeje gutezimbere imigambi y'iterambere rya bose.
	1.3.2. Urugero kw'ijana mu kuronsa abanyagihugu udukarata two kwivurizako
	1.3.3. Urugero kw'ijana vy'abaronswa udufaranga two mu bukukuruke.
1.4. Gushika mu 2030, kuraba ko abagabo n'abagore na cane cane abakene hamwe n'abatishoboye bafise uburenganzira bungana mu bijanye n'ubutunzi n'ibijanye n'ivyankenerwa vyose vy'ibanze, ivy'amatungo, gukoresha amatungo yabo n'ubundi butunzi, gutorana ibisigi, amatungo rusangi, ibiraba ubuhinga bwa none, tutibagiye ibirabana n'amashirahamwe yo kuziganya no kuguranana abereye.	1.4.1. Urugero kw'ijana rw'abanyagihugu bakenye gusumba abandi
	1.4.2. Urugero kw'ijana rw'abakoresha agakarata ko kwivurizako
	1.4.3. Igitigiri co hagati na hagati c'abanyigihugu bashobora kwitura ivuriro rimwe rimwe muri rusangi
	1.4.4. Urugero rw'abana bose biga mw'ishure nshingiro
	1.4.5. Urugero rw'amashirahamwe yo kuziganya no kuguranana akorana n'abanyagihugu
	1.4.6. Urugero kw'ijana rw'abakoresha amaterefone ngendanwa
	1.4.7. Urugero kw'ijana rw'abakoresha urubuga ngurukana bumenyi
<b>Ihangiro rya 2 : Kurandurana n'imizi inzara, gushoboza abanyagihugu kuronka ivyo bafungura, guteza imbere ibijanye n'ugufungura neza, guteza imbere uburimyi burama</b>	
2.1. Gushika mu 2030, kurandurana n'imizi inzara gushika naho umuntu wese na cane cane abakene hamwe n'ab'intege nke, harimwo abana bato baronka ibifungurwa bikwiye kandi ngirakamaro	
2.2. Gushika mu 2030, gusezerera ingwara zijanye no gufungura nabi, gukora ku buryo gushika 2025, dufatiye ku mahangiro yafashwe ku rwego mpuzamakungu, ata mwana ari muni y'imyaka 5 yosubira kuzingama kubera yabuze imfungurwa zikwiye kandi ngirakamaro, imiyabaga, abagore bibungenze, abonsa abana n, abageze muza bukuru nabone bategerezwa gufungura neza	2.2.1. Igitigiri c'abana bari muni y'imyaka 5 badakwije ibiro
	2.2.2. Urugero kw'ijana rw'abana bazingamitswe no gufungura nabi
	2.2.3. Umurindi w'ikenya ry'ibiro kubana bari muni y'imyaka 5

2.3. Gushika mu 2030, kugwiza na 2 umwimbu mu burimyi ku barimyi bato bato na cane cane abagore, abaca ingero mu kurimira abandi, aborozi, abarovy, tutibagiye kugira uburenganzira bungana k'umatongo, ku bindi vyose bishobora ku binjiriza, k'umwavu w'ikizungu, kuronswa inyigisho, koroherezwa mu gusaba ingurane, kuronswa amasoko, kuronswa n'utundi turusho ngirakamaro harimwo n'ukuronswa ubundi buzi atarubwo kurima gusa.	2.3.1. Amatoni y'ivyimburwa aboneka ku mwaka
	2.3.2. Igitigiri c'amashirahamwe akora mu bisata nyamukuru nkivy'icayi, ipampa, ikigazi, umuceri, amata n'ibindi
	2.3.3. Umwimbu wabonetse ku mwaka kubijanye n'ubworozi bw'inka
<b>Ihangiro rya 3: Kuronsa uburyo abanyagihugu kugira babeho neza no guteza imbere umugambi wo kubaho neza kuri bose no kungero zose z'imyaka</b>	
3.1. Gushika mu 2030, kugabanya igitigiri c'abakenyezi bapfa bariko baribaruka kw'isi yose gushika aho tuja muni y'urugero rw'abakenyezi mirongo 70 ku bana 100.000 bavutse bakomeye	3.1.1. . Igitigiri c'abakenyezi bahitanwa n'imbanyi bariko baribaruka
	3.1.2. urugero kw'ijana rw'abakenyezi bibaruka bafashijwe n'abavyigiyeye
	3.1.3. Urugero kw'ijana rw'abana bapfa bahejeje kuvuka
3.2. Gushika mu 2030, kurandurana n'imizi impfu z'abana b'inzoya n'abari muni y'imyaka 5. Ibihugu vyose bihamagariwe kugabanya ibitigiri vy'abana bapfa gushika n'imiburiburi ku rugero rw'abana 12 ku bana 1000 bavutse ari bazima no ku gitigiri n'imiburiburi c'abana 25 kubana 1000 bari muni y'imyaka 5	3.2.1 Umurindi w'ikena ry'ibiro ku bana bari muni y'imyaka 5
	3.2.2. Urugero kw'ijana rw'abana bapfa bakiri bato hamwe n'imiyabaga
3.3. Gushika mu 2030, kurandurana n'imizi akaranda k'ingwara ya sida, igituntu, marariya n'izindi ngwara zititaweho hamwe no kurwanya igitigu, indwara zandurwa biciye mu mazi n'izindi zishobora kwandurwa	3.3.1. Urugero kw'ijana rw'umurindi wa VIH/SIDA kubari hagati y'imyaka 15-49
	3.3.2. Urugero kw'ijana rw'abipimisha umugera wa SIDA kuko bavyishakiye
	3.3.3. Urugero rw'abafashwa na PTME (Umugambi wo gukingira umwana ariko aravuka umugera wa SIDA)
	3.3.4. Urugero kw'ijana rw'umurindi w'abarwara ya marariya bari muni y'imyaka 5
	3.3.5. Urugero kw'ijana rw'abanduye umugera w'igituntu c'ubwoko ubwo ari bwo bwose
	3.3.6. Urugero kw'ijana rw'abashobora kwanduza abandi
	3.3.7. Urugero kw'ijana rwo kwanduzanya umugera w'igituntu n'uwa SIDA.



3.7. Gushika mu 2030, gufasha abanyagihugu kw'irondoka rijanye n'amagara meza, tutibagiye kugabanya imvyaro, kuronka amakuru n'inyigisho ku vyekereye irondoka rijanye n'amagara meza mu migambi y'igihugu.	3.7.1. Urugero kw'ijana rw'umurindi abakenyezi bubatse bakoresha mukwirinda imbanyi batifuza
3.8. Gukora ku buryo umwe wese aho aherereye hose ashobora kwinjira mw'ishirahamwe ry'ukuziganya n'ukuguranana rimushoboza kwivuzza uko avyifuzza kandi neza, hamwe no kuronswa imiti n'incanco nyamukuru, zizewe kandi ngirakamaro ku giciro kitavuna.	3.8.1. Urugero kw'ijana rw'abana baronkejwe incanco zose zitegekanijwe
	3.8.2. Urugero rw'abafashwa na PTME (Umugambi wo gukingira umwana ariko aravuka umugera wa SIDA)
	3.8.3. urugero kw'ijana vy'imiryango ihurikiye mw'ishiramwe ryo gufashanya rironswa uburyo n'urunani hagati y'amashirahamwe y'ukugwiza umwimbu hamwe n'ayo gufashanya
	3.8.4. urugero rwo gukingira abanyagihugu indwara z'ivyaduka
<b>Ihangiro rya 4: Gukwirikirana ku buryo bose bashora kuronka inyigisho z'akanovera ku rugero rumwe kuri bose hamwe no guteza imbere amahirwe yo kwiga mu kiringo c'ubuzima bwabo.</b>	
4.1. Gushika mu 2030 gukora ibishoboka vyose ku buryo abakobwa bose n'abahungu bigishwa ku rugero rungana, kwigisha mu mashuri mato mato n'ayisumbuye ku buntu kandi ivyigwa vy'akanovera bidushikana k'ubumenyi ngirakamaro vy'ukuri.	4.1.1. Urugero nyakuri kw'ijana rw'inyigisho mu mashuri y'intango
	4.1.2. Urugero muri rusangi rw'inyigisho mu mashuri yisumbuye
	4.1.3. Icerekana isano hagati y'amashuri mato mato n'ayisumbuye
	4.1.4. Urugero kw'ijana rwo guhitira mu mashuri mato mato n'ayisumbuye.
	4.1.5. urugero kw'ijana rw'abarangiza amashuri mato mato
4.4. Gushika mu 2030 kwongereza bimwe biboneka igitigiri c'abahinga bakiri bato n'abakuze bafise ubushobozi na cane cane mu bijanye n'ubuhinga bw'akazi bakora ngirakamaro mu kuronka akazi, kuronka akazi gashemeye hamwe n'ukwiteza imbere mu migambi.	4.4.1. urugero kw'ijana rw'abana baheza umwaka wa gatandatu mu mashuri y'imyuga (aya leta n'ayabikorera utwabo)
	4.4.2. urugero kw'ijana rw'abana baheza umwaka w'icumi mu mashuri y'imyuga (aya leta n'ayabikorera utwabo)
	4.4.3. Icerekana isano riri hagati y'amashuri ya leta be n'ayabikorera utwabo (muri za kaminuza)
4.5. Gushika mu 2030, kurandurana n'imizi ubusumbasumbane bufatiye ku gitsina mu gisata c'indero hamwe n'uguharanira uburenganzira bungana ku bantu ba magara make harimwo n'abagendana ubumuga bw'umubiri bwibonekeza, eka tutibagiye n'abana bari mu bihe bitoroshe ku ngero zose z'inyigisho n'izo gukarahirizwa ubwenge,	

<b>Ihangiro rya 5: Kunganisha ibitsina no guha ubwigenge ku butunzi abakenyezi bose n'abigeme</b>	
5.1. Kurandurana n'imizi ico cose coza gikumira umukenyezi n'umwigeme kw'isi yose	5.1.1. Igitigiri c'amategeko yatowe n'inama nshingamateka
	5.1.2. urugero kw'ijana rw'intebe mu nama nshingamateka zifiswe n'abakenyezi
	5.1.3 urugero kw'ijana rw'abakenyezi bari mu bibanza bifata ingingo (umushikiranganji, buramatari, musitanteri)
5.2. Kurandurana n'imizi ico cose cogirira nabi umukenyezi muri rusangi harimwo gucurwa bufuni na buhoro bufatiye ku gitsina n'ayandi mabi ayar'iyoyose.	
5.5. Kuronsa abakenyezi uburenganzira bwose, bukwiye kandi bungana ku buzi bwose no ku ngero zose zifata ingingo mu buzima bwa poritike n'ubw'ubutunzi bw'igihugu	5.5.1. urugero kw'ijana rw'intebe z'abakenyezi mu nama nshingamateka
	5.5.2. 3 urugero kw'ijana rw'abakenyezi bari mu bibanza bifata ingingo (umushikiranganji, buramatari, musitanteri)
5.6. Kuronsa uburyo bwo kwivuza kuri bose kuyerekeye irondeka rijanye n'amagara meza, ku buryo umwe wese aronswa amateka yiwe mu bijanye n'irondeka nkuko vyemejwe mu mugambi w'Inama Mpuzamakungu k'ubuzima bw'abanyagihugu n'Iterambere, hamwe n'Umugambi w'Ibikorwa wabereye i Beijing be n'ivyegeranyo bisozera amanama yabaye y'ugusuzuma ko ya migambi yashitsweko	5.6.1. Urugero kw'ijana ry'igwirirana ry'abantu.
	5.6.2. Igitigiri co hagati na hagati c'abana umukenyezi ashobora kwibaruka
<b>Ihangiro rya 6: Kuronsa abantu bose amazi meza hamwe no kugwanya isuku rike tutibagiye ibikorwa vy'ugukwirikirana itunganywa rirama ry'ayo mazi.</b>	
66.1. Gushika mu 2030, gushikiriza amazi meza kuri bose ku rugero rumwe ku giciro kitavuna	6.1.1. Urugero kw'ijana rw'abaronswa amazi meza mu gisagara no mu mitumba
	6.1.2. Igitigiri c'imiryango mishasha yaronkejwe amazi meza ku mihana iwabo
	6.1.3. Urugero rw'abanyagihugu baronse amazi meza yubakiye mu buryo burama
	6.1.4. Igitigiri c'inyubakwa z'amazi hamwe niz'isuku
6.2. Gushika mu 2030, kuronsa bose ata nkunzi ku rugero rumwe uburyo bwo kugira isuku bubereye na cane cane kurandurana n'imizi ibijanye no kwituma mu bisanze, hitaweho na cane cane ivyo abakenyezi n'abigeme bakenera be n'abantu bari mu bihe bidasanze.	6.2.1. Ibice kw'ijana vy'abanyagihugu bose bafise uburyo bwo kugira isuku ry'aho babaye
	6.2.2. Ibice kw'ijana vy'imiryango ifise utuzu twa surwumwe tubereye (Udufise amazi hamwe n'uturi hanze twigenga)
	6.2.3. Igitigiri c'imiryango mishasha yaronkejwe amazi meza ku mihana iwabo.

<b>Ihangiro rya 7 : Kuronsa bose umuyagankuba umeze neza, urama kandi ugezweho ku giciro kitavuna</b>	
7.1. Gushika mu 2030, Kuronsa bose umuyagankuba umeze neza, urama kandi ugezwe ho ku giciro kitavuna	7.1.1. Urugero kw'ijana rw'abaronse umuyagankuba
	7.1.2. Igitigiri c'imiryango yaronkejwe umuyagankuba (mu gisagara)
	7.1.3. Urugero rw'umuyagankuba wabonetse mu gihugu ku mwaka
	7.1.4. Umwimbu w'amasoko ntanganguvu ku rugero rw'igihugu ku mwaka (GWH)
	7.1.5. Urugero rw'umuyagankuba ugurishwa mu ngero ya GWH ku mwaka
<b>Ihangiro rya 8 : Guteza imbere ibikorwa vyo kugwiza ubutunzi bushemeye, busangiwe na bose kandi buramba, akazi gatanga umwimbu kandi kabereye kuri bose</b>	
8.1. Gutsimbataza urugero rw'iyongerekanaga ry'ubutunzi rujanye n'ibihe igihugu kiba kirimo, na cane cane urugero rw'ibice indwi kw'ijana vy'ubutunzi bwose bw'igihugu ku mwaka n'imiburiburi, mu bihugu bitaratera imbere	8.1.1. Urugero kw'ijana ry'ubutunzi bwose bw'igihugu bw'ukuri
8.3. Gutezimbere imigambi ishimikiye kw'iterambere ryorohera ibikorwa bitanga umwimbu, ibikorwa bigwiza akazi kabereye, gutunganya ibikorwa vy'ukwiteza imbere, kwiyumvira n'ugushiraho ibikorwa bishasha, gushigikira ivuka ry'amashirahamwe mato mato, no kuyorohera mu kwinjira mu bisata bikorera ahabona harimwo no koroherezwa mu bikorwa bijanye n'ukuziganya n'ukuguranana.	8.3.1. Urugero rw'umwimbu w'ubutare : nikel (T)
8.9. Gushika mu 2030, gutegura n'ugushira mu ngiro imigambi ifise ihangiro ry'uguteza imbere igisata c'ingenzi mu buryo burama arivyo bizotanga ubuzi be no guha agaciro imico hamwe n'ivyimbura mu gihugu.	8.9.1. Urugero rw'ibivuye mu gisata c'ingenzi ku mwimbu wose w'igihugu

<b>Ihangiro rya 9 : Gushiraho inyubako zikomeye, guteza imbere amahinguriro afasha kandi akagirira akamaro bose hamwe n'ugutera intege abafise imigambi mishasha.</b>	
9.1. Gushiraho inyubakwa zimeze neza, zikomeye kandi ziramba dushizemwo n'inyubakwa ihuriweko n'akarere, mu ntumbero yo kworohereza iterambere ry'ubutunzi n'ukubaho neza kw'ikiremwa muntu, mu gushimikira ku burenganzira kuri bose, ku giciro kitavuna kandi mu buryo bungana	9.1.1. Urugero kw'ijana rw'amabarabara ahura kandi ahita mu bihe vyose (ayarimwo ikaburimbo n'ayasanzwe)
9.3. Kugwiza, na cane cane mu bihugu biri mu nzira y'amajambere, uburenganzira bwo gushikira amashirahamwe y'amahinguriro, ibijanye no kubitsa hamwe no kuguranana, harimwo n'ingurane zumvikanyweko ku buryo butavuna n'ugukorera hamwe mu runani rw'agaciro no ku masoko	
<b>Ihangiro rya 10 : Kugabanya ubusumbasumbane hagati y'ibihugu no hagati mu bihugu ubwavyo</b>	
10.1. Gushika mu 2030, gukora ku buryo bugenda buratera imbere, umwimbu ungana mirongo ine kw'ijana uronkwa n'abakene wokwiyongera n'ingoga kurusha umwimbu w'igihugu muri rusangi, kandi bikaba ibirama	
10.2. Gushika mu 2030, gufasha abantu bose kwigenga no gufasha kubanywanisha mu vy'imibano, mu vy' ubutunzi na poritike, hadafatiwe ku myaka, ku gitsina, ubumuga, urukoba ubwoko, amamuko, amadini, amikoro canke ibindi.	10.2.1. Igitigiri c'abantu bahungutse
	10.2.2. Igitigiri c'abantu bafashwa ku mwaka
	10.2.3. Igitigiri c'abantu bagendana ubumuga bafashijwe
10.4. Gufata ingingo na cane cane ku mafaranga akoreshwa imigambi ya leta, imishahara hamwe n'ibijanye no gutegurira kazoza abantu mu ntumbero yo gushika ku kungana nyakuri	

<b>Ihangiro rya 11 : Ibisagara n'ibibanza bihurirwamwo n'abantu benshi, bose bafiseko uburenganzira, hizewe kandi hameze neza</b>	
11.1.1. Gushika 2030, gushiraho imigambi yotuma umuntu wese aronka uburaro n'ivya nkenerwa bishemeye mu buzima bwa minsi yose, ku giciro kitavuna no gutunganya ibisagara.	11.1.1. Igiciro kw'ijana ku muntu umwe umwe ufatiye ku butunzi bwose bw'igihugu mu gutanga uruhusha rwo kwubaka
11.2. Gushika mu 2030, gufasha bese gushikira uburyo bwo kwiyunguruza bwizewe, bumeze neza ku giciro kitavuna mu gutezimbere umutekano wo mw'ibarabara na cane cane mu guteza imbere ukwiyunguruza kw'abantu, na cane cane ukwitwararika vya nkenerwa vy'abantu bari mu bihe bitoroshe, abapfasoni, abana abagendana ubumuga n'abageze mu za bukuru.	
11.4. Gukomeza utwigoro two gukinga no gukingira amatungo y'imico kama n'amatungo kama yo kw'isi.	11.4.1. Ibice kw'ijana vy'ibibanza vy'ingenzi vyateguwe.
<b>Ihangiro rya 12 : Gushiraho uburyo bwo gukoresha n'ukuwugwiza umwimbu ushimishije</b>	
12.2. Gushika mu 2030, gushika kwitunganywa, rirama no gukoresha neza amatungo kama	12.2.1. Urugero kw'ijana rw'igwirirana ry'abantu
	12.2.2. Icerekana mumpfunyapfunyo ku bijanye n' irondeka
12.4. Gushika mu 2020, gushiraho itunganywa ryiza ry'ibidukikije, ibihingwe birimwo ubumara n'imicafu igihe cose bimara ufatiye ku ngingo ngenderwako zapfunditswe ku rwego mpuzamakungu no kugabanya bimwe biboneka ivyo kubikwiragiza mu kirere, mu mazi, mu kuzimu, mu ntumbero yo kugabanya ingarukambi za vyo ku magara no kubidukikije	12.4.1. Gukora no gutanga icegeranyo ku mwaka ku mwaka
	12.4.2. Urugero kw'ijana rw'ibibanza bizwi bashinguramwo ibicafu vy'ubumara, vyoba bikora imbere y'umwaka wa 2018 habaye kure ntiharenge imbere y'umwaka wa 2025
	12.4.3. Urugero kw'ijana rwahatangigwa inyigisho zo kwa muganga hoba hamaze kuronswa ibikoresho gushika mu 2025
12.5. Gushika mu 2030, kugabanya bimwe biboneka ivyerekeye igwirirana ry'imicafu mu gukinga, kugabanya no guhingura ibikoresho bimaze gukora kugirango bisubire gukoreshwa	12.5.1. Urugero kw'ijana rw'imicafu yo kwa muganga izoba imaze gutunganywa gushika mu mwaka wa 2020 habaye kure hatorenga mu mwaka wa 2025.
	12.5.2. Igatabo co guhimiriza kirahari kandi n'imiburiburi igikorwa kimwe ku mwaka kizokorwa muri buri koline gushika mu 2025
	12.5.3. Urugero kw'ijana rw'ibisagara bifise abantu harenga 25000 bafise aho bata imicafu hateguwe neza.

<p>12.6. Gutera intege amashirahamwe na cane cane amashirahamwe makuru makuru n'ayahuza ibihugu kugira atangure gukora mu buryo burama hamwe n'ugushira mu vyegegeranyo bakora amakuru ajanye n'ibandanya ry'ibikorwa vy'ihinguriro</p>	
<p><b>Ihangiro rya 13: Ingingingo zihuta zo kurwanya ihindagurika ry'ibihe n'inkwirikizi bijanye</b></p>	
<p>13.1 Kwongereza, mu bihugu vyose, inguvu n'ubuhinga mubijanye noguhangana n'ihindagurika ry'ibihe hamwe n'ibiza kama bijanye n'ikirere.</p>	
<p>13.2. Gushira mu ngingo zifatwa mu vy'ubuhinga no mu gutunganya ivy'igihugu ingingo zijanye n'ihindagurika ry'ibirere.</p>	
<p>13.3. Guteza imbere indero, uguhimiriza hamwe n'ubushobozi bw'umuntu umwe umwe hamwe n'ubw'inzege ku vyerekeye uguhangana n' ihindagurika ry'ibihe, ukugabanya ubukare bw'inkwirikizi mbi hamwe n'uburyo bwo gutabaza bwihuta.</p>	
<p><b>Ihangiro rya 14: Kubungabunga n'ugukoresha ku buryo bwa none amabahari, ibiyaga n'ibindi twokoresha vyo mu mazi mu ntumbero y'iterambere rirama.</b></p>	
<p>14.4 Gushika mu mwaka 2020, gushira mu mategeko neza uburovyi , guhagarika uburovyi burenze urugero, bwo mu kinyegero, butamenyeshejwe, butemewe n'amategeko, bwonona hamwe n'ugukora imigambi itunganywa ifatiye ku vy'ubuhinga, intumbero hakaba ariyo gushiraho ububiko bw'amafi mu mwanya muto ushoboka, n'imiburiburi ku rugero rutuma haboneka umwimbu mwinshi udahinduka ufatiye ku bimenyetso vy'ubuzima bw'izo fi.</p>	<p>14.4.1. Urugero kw'ijana vyo vviyongera ku mwimbu w'amafi</p>
	<p>14.4.2. Urugero rw'ikigega c'amafi rurazwi (Igipimo c'ibigega vy'amafi kiri kurugero rwo gushobora kubaho.)</p>
	<p>14.4.3. Urugero kw'ijana rw'igabanuka ku ruhombu ufatiye kw'umwimbu w'amafi wabonetse.</p>
<p>14.7 Gushika mu mwaka wa 2030, kuronsa akarusho ama leta mato mato ari muri ivyo biyaga asanzwe ari mu nzira y'amajambere hamwe n'ibihugu bidateye imbere ingaruka nziza z'ubutunzi zivuye mw'ikoresha rirama ry'ibiva mu</p>	<p>14.7.1. Urugero kw'ijana rw'umwimbu wose wo mu gihugu hagati vyerekanwa n'uburovyi burama mu ma leta mato mato ari mu biyaga ari mu nzira y'amajambere, ibihugu bikenye hamwe n'ibihugu vyose</p>

biyaga na cane cane ufatiye kw'itunganywa rirama y'uburovyi, ubworozi bw'amafi hamwe n'ingenzi.	
<b>Ihangiro rya 15: Gukingira hamwe no kugarukira ibinyabuzima vyo kw'isi, kurwanya ubugaragwa.</b>	
15.3. Gushika mu 2030, kugwanya ubugaragwa, gusubiza akanovera amatongo n'amasi yagatakaje na cane cane amatongo yakozweko n'ubukene bw'imvura, ubugaragwa, n'imyuzurira mu ntumbero y'ukuronka isi izira gutituka.	
15.4. Gushika mu 2030, gukingira ibinyabuzima vyo ku misozi na cane cane mu butandukane bwavyo kugirango dukuremwo inyungu mu vyiza bibikomotseko mu bijanye n'iterambere rirama.	
15.7. Gufata ingingo zihuta kugira ngo turandurane n'imizi uguhiga n'urudandazwa rw'ibiterwa n'ibikoko bikingiwe no guhangana n'ingorane ufatiye ku vyo abantu batanga n'ivyo bakenera kw'isoko.	
<b>Ihangiro rya 16: Guteza imbere umuzo w' amashirahamwe y'amahoro yugururiwe bose mu ntumbero y'iterambere rirama, guha uburenganzira abantu bose bwo gushikira ubutungane no gushiraho, kungero zose, inzego zikora neza kandi zugururiwe bose .</b>	
16.1. Gushika mu 2030, kugabanya biboneka kw'isi yose ubwoko bwose bw'ihohoterwa hamwe no kugabanya urugero rw'impfu bijanye.	16.1.1. Urugero kw'ijana rw'abantu bahohotewe bifatiye ku gitsina.
	16.1.2. Urugero rw'abantu bahohotewe bashoboye gufashwa bikwiye
16.3. Gutezimbere iyubahirizwa ry'amategeko ku rwego rw'igihugu na mpuzamakungu hamwe no guha abantu bose uburenganzira bungana bwo gushikira ubutungane.	16.3.1. Urugero kw'ijana rw'abashikirizamanza bahawe akazi babanje gukora ikibazo co guhiganwa
	16.3.2. Urugero rw'imanza zitaciwe mu masentare atandukanye
	16.3.4. Urugero kw'ijana rw'abapfunzwe bataragirwa n' icaha ufatiye kubapfunzwe bose
	16.3.4. Urugero rw'imanza zitaciwe mu masentare atandukanye
	16.3.5. Urugero kw'ijana rw'imanza zaciwe ufatiye ku manza zanditswe.
	16.3.6. Urugero kw'ijana rw'abapfunzwe ufatiye kubushobozi bw'amabohero
	16.3.7. Urugero kw'ijana rw'abapfunzwe bataragirwa n' icaha ufatiye ku bapfunzwe bose

<p>16.4. Gushika mu 2030, kugabanya biboneka amafaranga aciye mu kinyegero n'idandazwa ry'ibigwanisho, gukomeza ibikorwa vyo kugarukana no gusubiza amatungo yibwe hamwe no kugwanya ubwicanyi bwose buteguwe.</p>	
<p>16.5. Kugabanya bimwe biboneka igiturire n'umugirwa ujanye naco mu buryo ubwo aribwo bwose.</p>	<p>16.5.1. Igitigiri c'ibiturire vyamenyekanye</p> <p>16.5.2. Urugero kw'ijana rw'imanza z'ibiturire zaciye na Sentare yo kurwanya ibiturire</p> <p>16.5.3. Urugero rwo gutanga no kwakira igiturire vyashizwe ahabona na Transparency international</p> <p>16.5.4. Igitigiri c'amahinyuzwa yakozwe ku mwaka mu rwego rwose</p> <p>16.5.5. Igitigiri c'amasoko yatanzwe</p> <p>16.5.6. Umuco mu gutanga akazi no mu gutunganya abakozi ba Leta</p>
<p>16.6 Gushiraho inzego zibishoboye, zikora neza, mu muco kuva hasi gushika hejuru.</p>	<p>16.6.1. Urugero rwo kwizigirwa n'abanyagihugu mu nzego nkuru nkuru za Leta (Inama nshingamateka na Nkenguzamateka, Inama nshikiranganji n'Ubutungane)</p> <p>16.6.2. Urugero rwo kwegereza intwari abanyagihugu ku ntara ku vyerekeye ubuzi bukuru bukuru mu vy'intwari.</p> <p>16.6.3. Urugero rwo gukorera mu muco no gufata kumwe abantu mu gutanga akazi hamwe n'uguhemba abakozi ba Leta</p> <p>16.6.4. Urugero rwo gutanga no kwakira igiturire vyashizwe ahabona</p>
<p>16.9. Gushika mu 2030, guha uburenganzira bwemewe n'amategeko kuri bese na cane cane ufatiye mu kwandika abavutse.</p>	



**Igicapo ca 2: Urutonde rw'ibikorwa vyatunganijwe bafatiye ku bikorwa vyari vyashizwe imbere**

<b>Ihangiro 1: Kurandurana n'imizi ubukene uko bumeze kose</b>	
1.3 Gushiraho uburyo hamwe n'ingingo z'umushinge ukomeye z'ugukingira abanyagihugu mu vyerekeye imibano dufatiye ku buryo igihugu kibayeho, gukora ku buryo gushika mu 2030 igice kinini c'abantu bakenye n'abantu b'intege nke babitoreramwo akoyokwe	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Gukomeza uburyo bwo gutandukanya invyaro ;</li> <li>• Kwongereza uburyo bw'amafranga ku bikorwa vy'ubushakashatsi ;</li> <li>• Gufasha ku bijanye n'ifumbire ry'ikizungu hamwe n'uguhimiriza abanyagihugu ku vyerekeye ugukoresha ifumbire y'ikirundi ;</li> <li>• Kuronsa abantu imiti y'ibitungwa n'imbuto zirobanuye</li> </ul>
1.4 Gushika mu 2030, kuraba ko abagabo n'abagore na cane cane abakene hamwe n'ab'intege nke bafise uburenganzira bungana mu bijanye n'ubutunzi n'ibijanye n'ivyankenerwa vyose vy'ibanze, ivy'amatungo, gukoresha amatungo yabo n'ubundi butunzi, gutorana ibisigi, amatungo rusangi, ibiraba ubuhinga bwa none, tutibagiye ibirabana n'amashirahamwe yo kuziganya no kuguranana abereye.	
<b>Ihangiro rya 2 : Kurandurana n'imizi inzara, gushoboza abanyagihugu kuronka ivyo bafungura, guteza imbere ibijanye n'ugufungura neza, guteza imbere uburimi burama</b>	
2.1 Gushika mu 2030, kurandurana n'imizi inzara gushika naho umuntu wese na cane cane abakene hamwe n'ab'intege nke, harimwo abana bato baronka ibifungurwa bikwiye kandi ngirakamaro	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Gushira mu mirwi abarimi ufatiye ku vyo barima;</li> <li>• Gushiraho urwego rwa Leta rwubahirije amategeko rufasha mu vyereye amashirahamwe yo kugwiza umwimbu ;</li> <li>• Gutunganya ibibanza vyo kwororeramwo amafi ;</li> <li>• Guteza imbere uburyo bwo kwegeranya, gukora no gukwiragiza ibiharuro vyatororokanijwe mu vy'uburimi, gutunganya ubworozi bwo mu mazi hamwe n'ubwo mu misozi ;</li> <li>• Gutezimbere uburyo bushasha bwo kurondera amafranga mu misozi na cane cane ku vyerekeye ibikorwa vyinjiza amafaranga hamwe n'imigwi yo gushigikirana kuri ba magara make ;</li> <li>• Gushiraho urwego rutunganya ivyo bisata rukabituma bikora cane kugira bitange umwimbu ushobora guhiganwa kuri ayo masoko ;</li> </ul>

	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Gukomeza igisata c’amashirahamwe yo kuziganya no kuguranana ;</li> <li>• Gushiraho uburyo bwo gukinga impanuka no gukingira abakorera mu gisata c'uburimi ufatiye kuco umwe umwe akora. Gushigikira uburyo bwo gushika ku mikoro arama (uburimi canke ibindi) afasha mu kugwiza umwimbu kugira umuntu arye ivyo yimbuye; adandaze’umusesekara hamwe no kugwiza itunga ry’umuryango (Ibikorwa bitanga umwimbu kandi bitandukanye: kugwiza umwimbu no kuwuhingura, mu burimi, amafi, ibizinu, akarima k’igikoni, imyuga n’ibindi).</li> <li>• Gutezimbere uburyo bw’itorokanywa ry’ibiharuro vy’uburimi, ubworozi bwo mu misozi n’ubwo mu mazi, no kubijanye no kuronka ivyo kurya bikwiye kandi ngirakamaro ;</li> <li>• Gushiraho uburyo bwo gukinga bufasha abakenye kurusha abandi n’abatishoboye gushika ku burenganzira bwo kuronka imfungurwa zikwiye kandi zirimwo ivyankenegwa mu gihe bataronse umwimbu ukwiye biturutse ku ngorane z’ihindagurika ry’ibihe n’ibindi biza kama (hakoreshejwe ukubika umwimbu) ;</li> <li>• Gukomeza no gukwiragiza uburyo bwo gutabaza imbere y’igihe kugira hatezwe imbere ubushobozi bwo kwihuta no kwitegurira ibihe vy’ingorane ziturutse ku bukene vy’ibifungugwa.</li> </ul>
<p>2.2 Gushika mu 2030, gusezerera ingwara zijanye no gufungura nabi, gukora ku buryo gushika 2025, dufatiye ku mahangiro yafashwe ku rwego mpuzamakungu ata mwana ari muni y’imyaka 5 yosubira kuzingama kubera yabuze imfungurwa zikwiye kandi ngirakamaro, imiyabaga, abagore bibungenze, abonsa abana n'abageze muza bukuru nabone bategerezwa gufungura neza</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Gufasha ivyerekeye inyigisho zijanye no gufungura neza;</li> <li>• Gupima ivyerekeye gufungura nabi no gushiraho ibitegwa vy’inyongeragaciro;</li> <li>• Gutegura no n'ugukwiragiza amakuru ku vyerekeye amahirwe y’amasoko ku rwego rw’igihugu, rw’akarere na mpuzamakungu;</li> <li>• Gukomeza ivyerekeye gutabaza;</li> <li>• Gufasha mu vy’ibifungugwa no gufungura neza ku mirwi ya ba ntaho nikora (ugushiraho ibigega vy’integabizozo).</li> <li>• Gushiraho ubuhinga bwemewe kandi bwuzuye bwo gutanga amakuru avuye mu bisata bitandukanye ku vyerekeye</li> </ul>

	<p>ibikorwa bibereye vy'amagara meza, ugutandukanya invyaro, ukugira isuku, ugutegura imfungugwa z'umuvyeyi, uruyoya n'umwana muto, umuyabaga biciye mu buryo butandukanye bwo gutanga amakuru;</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Gukarihiza ubwenge abakozi bo mu bisata bitandukanye bijanye n'ugufungura neza, gutanga impanuro kugira hatangwe amakuru yuzuye kandi yo ku vyerekeye ibikorwa bibereye vyerekeye amagara meza, ibijanye n'isuku, hamwe n'ibijanye n'ugufungurira umuvyeyi, uruyoya, umwana muto, umuyabaga biciye mu buryo butandukanye bwo gutanga amakuru;</li> <li>• Kubandanya ikwirazwa ry'ibikorwa birashe mu vy'ingaburo zizwi nka ngirakamaro mu kugwanya gufungura nabi bikabije;</li> <li>• Gutunganya imigamabi, ugushiraho n'ugusuzuma imigambi mu bisata bitandukanye vyo gufungura nabi mu gufatanya ibikorwa kanaka n'ibikorwa vyerekeye cane cane imfungurwa (kubungabunga umwimbu be no gutunganya neza ivy'uburimi, uturusho tw'integabizozo : uturusho dushimikiye ku gukora neza mu vy'amagara y'abantu, ikarata yo kwivurizako), iterambere ry'abana bakiri bato, amagara yo mu mutwe y'umuvyeyi, ugutanga ubwigenge ku bakenyezi, ugukingira abana, indero yo mw'ishure, amazi n'ivyerekeye isuku, ibikorwa vy'ubuvuzi hamwe no gutandukanya imvyaro);</li> <li>• Guteza imbere ibikorwa vyiza mu vyo dukora kugira bishike ku ntumbero nyayo, na cane cane gusuzuma no kugendura bikomeye ( isuzuma ryo ku mwaka rishimikiye ku bintu bifatika bita SMART harimwo ugusuzuma ingene uruyoya rufungura hamwe n'umwana mutoya, guhuza uburyo bwo gutanga amakuru y'uburimi n'ay' amagara hamwe n'ugufungura n'ibindi), ubuhinga bwo bwo kuvugira abarimi, gutunganya ibikorwa mu mpande zose, kumva ko hari</li> </ul>
--	--

	<p>ico utegerezwa gukorera abandi, gutunganiriza abandi, gushiraho ibijanye n'amategeko, ibijanye n'uburongozi bwiza mu vy'imigambi, ubushobozi muvyo gushinga imitahe, kwegeranya uburyo kavukire;</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Gutegekanya uburyo mu bijanye n'ubushakashatsi muvuy'ubutunzi;</li> <li>• Gushiraho urwego rwo kuvuganiramwo hagati y'abarimi, abashakashatsi n'abafundi b'indimo;</li> <li>• Gukomeza gukorana ku rwego rw'akarere na mpuzamakungu mu vy'ubushakashatsi ;</li> <li>• Kworohereza abakenyezi mu kuronka ingurane y'uburimi n'iyitari iy'uburimi yo gukoresha ahatari ibisagara ;</li> <li>• Gutunganya no gukingira ibibanza bivomewe n'ibiyaya.</li> <li>• Gusanura canke kwubaka amahangari n'ibigega vyo gutorokanya umwimbu w'uburimi (uva mu bitegwa no mu bitungwa hamwe n'ivyo mu mazi) mu ma komine ;</li> <li>• Gukomeza uburimi n'ubworozi na cane cane mu kurondera umwavu mu ntumbero yo gutabira neza isi ndimwa ;</li> <li>• Gutezimbere uburyo bwo kubika, guhingura no kudandaza umwimbu uva mu burimi ;</li> <li>• Gutunganya neza uburyo bwo kugwiza, guhingura no kudandaza umwimbu hamwe no gukoresha imbuto zirobanuye ;</li> <li>• Gutezimbere itunganywa hamwe no gusanura imyaba yo mu misozi miremire;</li> <li>• Gushigikira ivyo kugwiza umwimbu w'uburimi no gutandukanya ahava amikoro y'imiryango;</li> <li>• Gushiraho uburyo bw'ubushakashatsi-gikorwa hagati y'abarimi-abashakashatsi n'abafundi b'indimo kugira haboneke imbuto zirobanuye zemejwe kandi zishobora kuba mu karere, ubuhinga bwo kwimbura bumeze neza hamwe n'ubuhinga bugezweho bwo kugwanya ingwara n'udukoko twonona ibiterwa;</li> <li>• Gukomeza ugufashanya mu karere no</li> </ul>
--	---

	<p>kw'isi mu vyerekeye ubushakatsi bw'uburimi ;</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Gushiraho umugambi wo gutezimbere ibikorwa bisha vyinjiza amafaranga mu mitumba no gufasha ko bishikira ba ntaho nikora hamwe n'imiryango ikoresha uburyo bubayabaye;</li> <li>• Guteza imbere ubuhinga bwo gutunganya imyaba no gukingira ibiyaga.</li> <li>• Gukarihiriza ubwenge abarimi batobato (gutanga impanuro uri hafi yabo ufatiye kuvyo bakora n'ibindi) kugira habe ukugwiza umwimbu w'uburimi habaye ukwubahiriza n'ugutunganya birama ibidukikije n'ukubafasha ku bijanye n'ukuronka amasoko ;</li> <li>• Gukomeza ubuhinga bwo kumenya ibisata birimwo akarusho n'ugushigikira iterambere ry'ibice vyose vy'uruhererekane rw'agaciro (ukwimbura, uguhingura n'ukudandaza umwimbu uva mu burimi) ;</li> <li>• Gukomeza uburyo bwo kwegeranya no kubika umwimbu uva mu burimi (ibitegwa, ibitungwa hamwe n'ubworozi bw'amafi) mu ma koline ;</li> <li>• Gutezimbere ukunywanisha uburimi – ubworozi bw'ibitungwa vyo ku musozi n'ivy'ubwo mu mazi na cane cane mu kurondera umwavu mu ntumbero yo gutabira hamwe n'ugukingira ubugira kandi amatongo hamwe n'amaso ndimwa ;</li> <li>• Gutezimbere ibijanye n'ugushikira, gukwiragiza hamwe n'ugukoresha neza ibijanye n'umwavu w'ikizungu mwiza hamwe n'imbutu zirobanuye ;</li> <li>• Gutezimbere uburyo bwo gukinga impanuka mu vy'uburimi;</li> <li>• Gufasha mw'iterambere ry'ubutunzi ringana ku bagabo no ku bagore kugira bifashe mw'iterambere rirama.</li> </ul>
<p>2.3 Gushika mu 2030, kugwiza na 2 umwimbu mu burimi ku barimi batobato na cane cane abagore, abaca ingero mukurimira abandi, aborozi, abarovi, tutibagiye kugira uburenganzira</p>	

<p>bungana k'umatongo, ku bindi vyose bishobora kubinjiriza, k'umwavu w'ikizungu, kuronswa inyigisho, koroherezwa mu gusaba ingurane, kuronswa amasoko, kuronswa n'utundi turusho ngirakamaro harimwo n'ukuronswa ubundi buzi atarubwo kurima gusa.</p>	
<p><b>Ihangiro rya 3: Kuronsa uburyo abanyagihugu kugira babeho neza no guteza imbere umugambi wo kubaho neza kuri bose no kungero za bose</b></p>	
<p>3.1 Gushika mu 2030, kugabanya igitigiri c'abakenyezi bapfa bariko baribaruka kw'isi yose gushika aho tuja muni y'urugero rw'abakenyezi mirongo 70 ku bana 100.000 bavutse bakomeye</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Guteza imbere akanovera k'inyigisho z'ibanze ku bakirizi nokubaha ubuzi mu bisata vyakira abavyeyi ;</li> <li>• Gukomeza ikingira n'ukwitaho ingorane zikomeye zijanye n'ukwibaruka,</li> <li>• Gutsimbataza uburyo bw'integuro n'ukuyikurikirana,</li> <li>• Gushigikira itorokanywa ry'ibiharuro ku rugero rw'igihugu.</li> </ul>
<p>3.2 Gushika mu 2030, kurandurana n'imizi impfu z'abana b'inzoya n'abari muni y'imyaka 5. Ibihugu vyose bihamagariwe kugabanya ibitigiri vy' abana bapfa gushika n'imiburiburi ku rugero rw'abana 12 ku bana 1000 bavutse ari bazima no ku gitigiri n'imiburiburi c'abana 25 ku bana 1000 bari muni y'imyaka 5</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Gukomeza gushiraho ingingo zofasha kugabanura ku rwego rwo hejuru impfu z'abana bapfa bakivuka n'iz'imiyabaga na cane cane mu mibano;</li> <li>• Guteza imbere ukwakira neza abagwaye mu bijanye no kubaha imiti ikwiye kandi ibafitiye akamaro,</li> <li>• Kuvura k'ubuntu abana badashikana imyaka itanu(5) n'abagore bibungenze hamwe n'abarwayi b'indwara zidasanzwe nka marariya n'umugera wa sida</li> <li>• Guhamagarira abavyeyi kwonsa abana amaberebere yonyene gushika ku mezi atandatu (6);</li> <li>• Gukinga indwara zishobora gukingigwa dukurikije ikirangaminsi c'igihugu cerekeye incanco;</li> <li>• Gufata mu minwe ikibazo cerekeye indwara z'abana.</li> </ul>
<p>3.3 Gushika mu 2030, kurandurana n'imizi akaranda k'ingwara ya sida, igituntu, marariya n'izindi ngwara zititaweho hamwe no kurwanya igitigu, indwara zandurwa biciye mu mazi n'izindi zishobora kwandurwa</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Ibikogwa bikuru bikuru vyo kugwanya indwara nkuru nkuru z'ikiza n'akaranda (umugera wa sida, igituntu na marariya) bishimikiye ku: Gukomeza ingingo zibereye mu gukinga (biciye mu guhanahana amakuru, guhimirizanya dukoresheje ibinyamakuru, amashirahamwe yigenga kugira abantu bahindure</li> </ul>

	<p>inyifato) ;Kwitaho vy'ukuri abarwayi;</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>✓ Gucungera ivyerekeye indwara z'ivyaduka n'ukuzirwanya igihe zibonekeje;</li> <li>• Guteza imbere imigambi irashe yo kurwanya izo ndwara;</li> <li>• Gushiraho intwano no gutunganya imigambi ku nzego zose;</li> <li>• Gushiraho ingingo z'ugutabara mu nteguro y'umugambi w'ubuhinga uriko ushirwa mu ngiro.</li> </ul> <p>Gukomeza gukorana n'abikorera utwabo hamwe n'amashirahamwe ategamiye leta yiyemeje kurwanya izo ndwara.</p>
<p>3.7 Gushika mu 2030, gufasha abanyagihugu kw'irondoka rijanye n'amagara meza, tutibagiye kugabanya imvyaro, kuronka amakuru n'inyigisho ku vyekereye irondoka rijanye n'amagara meza mu migambi y'igihugu</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Guteza imbere biboneka ubuhinga bwo gushikira no gukoresha uburyo bw'ukwirinda imbanyu utifuza.</li> <li>• Gukomeza umugambi wo kuronsa abakenyezi n'abigeme ibikoresho vyo kwikingira gusama imbanyu batifuza</li> <li>• Guteza imbere no gushigikira irangurwa ry'imigambi yerekeye irondoka rijanye n'amagara meza, gukinga no kurwanya indwara zituma igitigiri c'abana bapfa cyongera tutibagiye gushira hamwe inguvu mu ntumbero yo gukingira amagara y'abavyeyi ;</li> <li>• Guhimiriza abanyagihugu ko bogira ubwigenge nya bwo mu ngo kugira bibafashe guhitamwo inzira zirashe biciye mu guhanahana amakuru n'inyigisho zibereye ku vyerekeye ugutandukanya imvyaro n'ukugwanya inda zitwarwa hataragera hamwe n'inda zitipfujwe;</li> <li>• Gushiraho urwego rwanonosoye ivyerekeye ibibazo bijanye nirwirirana ry'abantu (Igisata c'igihugu kijejwe irwirirana ry'abantu) mu ntumbero y'ugutanganya neza ibijanye n'igwirirana ry'abantu;</li> <li>• Gushira mu ngiro ibikorwa biri mw'itegeko ryerekeye ibijanye n'irwirirana ry'abantu mu gihugu;</li> <li>• Gukomeza uburyo bwo gutunganya imigambi no kuyikurikirana;</li> <li>• Gukomeza ingingo zo guhangana</li> </ul>

	<p>n'impanuka tubicishije mu nzira zo gushigikirana no gukinga impanuka z'ubutunzi;</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Gukurikiza ishirwa mungiro ry'umugambi w'iyaguye wo gukwiza amavuriro mu gihugu cose dufadikanije n'urwego rw'ubuhinga mu kuwegereza abanyagihugu na cane cane ba magara make.</li> <li>• Kwongereza na ntaryo akanovera mu vyerekeye ukwivuzza;</li> <li>• Gushigikira igisata kijejwe gutororokanya ibiharuro ku rwego rw'igihugu.</li> </ul>
<b>Ihangiro rya 4: Gukwirikirana ku buryo bose bashora kuronka inyigisho z'akanovera</b>	
<p>4.1 Gushika mu 2030, gukora ibishoboka vyose ku buryo abakobwa bose n'abahungu bigishwa ku buntu kandi vy'akanovera, ku rugero rungana, mu mashure mato mato n'ayisumbuye vyugururira k'ubumenyi ngirakamaro vy'ukuri.</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Kwubaka ibirasi vyo kwigiramwo, gushiraho indinganizo y'ugusubiramwo imyaka n'ukwongereza amasaha y'ivyigwa;</li> <li>• Guteza imbere itunganywa ry'uwo mugambi biciye mu kwegereza no guha ububasha bukwiye inzego zo hasi dukurikije intumbero n'amategeko mashasha mu vy'indero;</li> <li>• Gukuraho ubusumbasumbane mu nyigisho biciye mw'ikugwaho ry'ukwiga mu mirwi bamwe mu gitondo abandi inyuma ya sasita;</li> <li>• Kubandanya gukarahiriza ubwenge abigisha ,</li> <li>• Guha akazi abigisha no kubarungika gukorera mu turere tudahurumbirwa cane ;</li> <li>• Guteza imbere bimwe biboneka inyigisho z'akanovera ;</li> <li>• Guteza imbere bimwe biboneka inyigisho mu kurwiza ibikoresho mfashanyigisho;</li> <li>• Guteza imbere ibijanye n'urutonde rw'ivyigwa;</li> <li>• Kuduza bimwe biboneka uburyo (amahera) bugenewe igisata c'indero.</li> </ul>
<p>4.4 : Gushika mu 2030 kwongereza bimwe biboneka igitigiri c'abahinga bakiri bato n'abakuze bafise ubushobozi na cane cane mu bijanye n'ubuhinga bw'akazi bakora ngirakamaro mu kuronka akazi , kuronka akazi gashemeye hamwe n'ukwiteza imbere mu migambi</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Kwongereza ibisata vy'inyigisho;</li> <li>• Kurwiza inyubakwa;</li> <li>• Gusabikanya ku rugero rungana inyubakwa ku butaka bw'igihugu;</li> <li>• Kworohereza abagendana ubumuga gushikira inyigisho z'ubuhinga hamwe n'imyuga ;</li> <li>• Guteza imbere ishingwa ry'imitahe</li> </ul>



	<p>y'abigenga mu gisata c'indero no kwigisha imyuga ;</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Gushiraho urwego rwamaho rwo guhanahana ivyiyumviro rugenewe abafasha mu bice vy'ico gisata ;</li> <li>• Gushiraho uburyo bwo gutera intege abarezi n'ukubagirira icizere ;</li> <li>• Gushiraho uburyo bwo gukarahiriza ubwenge abakozi bo mu gisata c'indero no kwigisha imyuga ;</li> <li>• Gushiraho imigambi muvyo kwiteza imbere kugira dukangurire urwaruka muvyo kwiteza imbere rwo nyene;</li> <li>• Guteza imbere no gufasha igisata c'abikorera utwabo (dufashijwe n'igisata c'indero no kwigisha imyuga).</li> </ul>
<p>4.5 Gushika mu 2030, kurandurana n'imizi ubusumbasumbane bufatiye ku gitsina mu gisata c'indero hamwe n'uguharanira uburenganzira bungana ku bantu ba magara make harimwo n'abagendana ubumuga bw'umubiri bwibonekeza, , eka tutibagiye n'abana bari mu bihe bitoroshe ku ngero zose z'inyigisho n'izo gukarahirizwa ubwenge,</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Kwubaka ikigo kigenewe inyigisho zidakumira;</li> <li>• Gutegura igitabo c'imigambi y'igihugu kuri bose n'ukuronsa ibikoresho ku bana babikeneye gusumba abandi;</li> <li>• Guteza imbere ukungana tubicishije mu gufasha abana bakeneye ibintu vya nkenerwa gusumba abandi;</li> <li>• Gushiraho ishure nshingiro ngombwa igenewe bose kandi ku buntu;</li> <li>• Gushiraho inyubakwa z'amashure mu kuzegereza abanyeshure mu ntumbero yo kubaganiriza ingendo kubaba kure mu misozi;</li> <li>• Kurungika abigisha mu bibanza bidahurumbirwa na benshi;</li> <li>• Guhimiriza abo mufashanya kurangura iyo migambi;</li> <li>• Guha ubumenyi abigisha mu bisata vya nkenegwa gusumba ibindi;</li> <li>• Gutegura urutonde rw'ivyigwa ku nyigisho idasanzwe.</li> </ul>
<p><b>Ihangiro rya 5: Kunganisha ibitsina no guha ubwigenge mu butunzi abakenyezi bose n'abigeme</b></p>	
<p>5.1.. Kurandurana n'imizi ico cose coza gikumira umukenyezi n'umwigeme kw'isi yose</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Gushigikira ugukingira no gufata mu minwe ibisata bitandukanye biraba ihohoterwa rifatiye ku gitsina;</li> <li>• Gufasha mu manza z'abahohotewe zifatiye ku gitsina n'ukurwanya kudahana;</li> <li>• Guteza imbere inyifato n'imigirwa y'abagabo n'abakenyezi bitaho ukungana kw'ibitsina babicishije mu bikorwa.</li> </ul>

<p>5.2 Kurandurana n’imizi ico cose cogirira nabi umukenyezi muri rusangi harimwo gucurwa bufuni na buhoro bufatiye ku gitsina n’ayandi mabi ayar'iyoyose</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Gushiramwo inguvu mu kwegeranya ibitigiri ku bijanye n’amabi afatiye ku gitsina;</li> <li>• Gushigikira no kugarukira ku bakorewe amabi afatiye ku gitsina;</li> <li>• Gukarihiriza ubwenge imigwi ifata mu minwe ibijanye n’ihohoterwa rifatiye ku gitsina.</li> </ul>
<p>5.5 Kuronsa abakenyezi uburenganzira bwose, bukwiye kandi bungana ku buzi bwose no ku ngero zose zifata ingingo mu buzima bwa poritike n’ubw’ubutunzi bw’igihugu</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Gushigikira ishirwaho n’ikurikizwa ry’amategeko anganisha bwose kandi adakumira Gukora uko ushoboye mw’ishirwaho ry’amategeko aha uburenganzira bungana abakenyezi, abagabo, na cane cane abana ;</li> <li>• Gukomeza uburenganzira bw’abakenyezi mu kwinjira mu nzego zifata ingingo, mu vy’ubutunzi, intwari, tutibagiye ivyerekeye amahoro n’umutekano;</li> </ul>
<p>5.6. Kuronsa uburyo bwo kwivuza kuri bwose kuvyerekeye irondeka rijanye n’amagara meza, ku buryo umwe wese aronsa amateka yiwe mu bijanye n’irondeka nkuko vyemejwe mu mugambi w’Inama Mpuzamakungu k’ubuzima bw’abanyagihugu n’iterambere, hamwe n’Umugambi w’ibikorwa wabereye i Beijing be n’ivyegeranyo bisozera amanama yabaye y’ugusuzuma ko ya migambi yashitsweko</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Gufasha mu bisata vy’ibanze vy’imibano mu kurondera ivyankenerwa bitandukanye ufatiye ku bigeme no ku bahungu, ku bakenyezi no ku bagabo mu gutanga ubushobozi no mu gutunganya abantu bakorera igihugu.</li> </ul>
<p><b>Ihangiro rya 6: Kuronsa abantu bwose amazi meza, kugira isuku tutibagiye ibikorwa vy’ugukwirikirana itunganywa rirama ry’ayo mazi.</b></p>	
<p>6.1 Gushika mu 2030, gushikiriza amazi meza kuri bwose ku rugero rumwe ku giciro kitavuna</p>	<p><b>Ibikorwa bikuru bikuru biri mu mugambi w’igihugu mu vyo gutunganya igisata c’amazi :</b> Gushiraho icuka ciza mw’itunganywa ’ ryiza ry’igisata c’amazi ;</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Gukoresha ku buryo bubereye amasoko y’amazi;</li> <li>• Guteza imbere ibisata vy’amazi meza n’isuku ry’ibanze;</li> <li>• Guhangana n’ibiza biturutse ku amazi;</li> <li>• Guteza imbere itegurwa ry’imigambi n’amafaranga akenewe muri ico gisata;</li> <li>• Gukarihiriza ubwenge abakozi mu gisata c’amazi n’isuku, Mu ntumbero yo kwerekana ivyokorwa mu gisata c’isuku, umugambi wa leta ujanye n’ivy’isuku utunganijwe mu bice umunani (8) bigabuye mu migwi (4):</li> </ul>

	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Gushiraho amategeko akwiye n'inzeho zikwiye;</li> <li>• Gukarihiriza ubwenge abakozi mu bijanye n'akazi bakora ;</li> <li>• Guteza imbere isuku kuri bose;</li> <li>• Gutunganya neza ahoja amazi y'imicafu;</li> <li>• Gutunganya neza ikoresha ry'amazi y'imvura;</li> <li>• Gutunganya neza ahotabwa imicafu;</li> <li>• Gutegekanya ahotabwa imicafu idasanzwe;</li> <li>• Kugabanya ibintu vyonono ikirere.</li> </ul>
<p>6.2. Gushika mu 2030, kuronsa bose ata nkunzi ku rugero rumwe uburyo bwo kugira isuku bubereye na cane cane kurandurana n'imizi ibijanye no kwituma mu bisanze, hitaweho na cane cane ivyo abakenyezi n'abigeme bakenera be n'abantu bari mu bihe bidasanzwe.</p>	

**Ihangirio rya 7: Kuronsa bose umuyagankuba umeze neza, urama kandi ugezweho ku giciro kitavuna**

<p>7.1. Gushika mu 2030, Kuronsa bose umuyagankuba umeze neza, urama kandi ugezweho ku giciro kitavuna</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Gutsimbataza intwari ibereye mu gisata c'amasoko ntanganguvu kugira ngo gifashe mu kurwiza umwimbu mu vy'iterambere;</li> <li>• Guhimiriza abigenga b'abarundi benshi bashira imitahe yabo mu bindi bisata, kugira bijukire n'igisata c'amasoko ntanganguvu mu gushirayo imitahe;</li> <li>• Guhamagarira bimwe biboneka igisata c'amabanki gushigikira imigambi ijanye n'amasoko ntanganguvu;</li> <li>• Kwongereza ubushobozi mu vy'ubumenyi mu kumenya umwimbu uzoboneka muri ico gisata n'abawukeneye Gushiraho uburyo bw'ugusahiriza canke kutarihisha amakori ibikoresho bisubirira inkwi zo gucana ;</li> <li>• Gukomeza urwego rwemewe n'amategeko rwofasha integuro imeze neza n'itunganywa rimeze neza y'amasoko yose ntanganguvu yo mu Burundi (imyuka, ibitoro, umuyagankuba, ibizuku, n'ibindi);</li> <li>• Gutezimbere ikoresha ry'ubuhinga bwa none mu nteguro, mu gukurikirana, gutorera inyishu ibimeze nabi, ibiharuro vy'ifatiro hamwe n'ugutunganya igisata c'amasoko ntanganguvu ;</li> <li>• Kugwiza ubuhinga bwogukwiragiza umuyagankuba mu nyubakwa rusangi zidashikirwa n'umuyagankuba usanzwe hakoreshejwe umuyagankuba uva ku mishwarara y'izuba n'umuyaga;</li> </ul>
--	--

	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Gushiraho ingingo zishira mungiro imigambi mikuru mikuru yo mukarere ijanye n’ivya’amasoko ntanganguvu itunganywa n’akarere ka Afirika y’Ubugeruko n’ibindi bikorwa bisa n’ivyo vyo mw’isoko rusangi yomuri Afirika y’ubuseruko n’iy’amajepfo (COMESA), tutibagiye n’utundi twigoro two mu burere ( EAPP, NELSAP, CEPGL n’ahandi) ;</li> <li>• Guteza imbere uburyo bwo gushira mu ngiro imigambi y’akarere mu bijanye n’ukugura ibintu, gutwara abantu n’ibintu no gushingura neza ibitoro;</li> <li>• Gushiraho umugambi wogukarihiriza ubwenge abakozi bo mu gisata c’ubuhinga n’ubushakashatsi mu vy’iterambere mu ntumbero yo guhingura no kubungabunga ivy’amasoko ntanganguvu.</li> </ul>
--	---

**Ihangirio rya 8 : Guteza imbere ibikorwa vyo kugwiza ubutunzi bushemeye, busangiwe na bose kandi buramba, akazi gatanga umwimbu kandi kabereye kuri bose**

<p>8.1 Gutsimbataza urugero rw’iyongerekana ry’ubutunzi rujanye n’ibihe igihugu kiba kirimwo, na cane cane urugero rw’ibice indwi kw’ijana vy’ubutunzi bwose bw’igihugu ku mwaka n’imiburiburi, mu bihugu bitaratera imbere</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Gusuzuma n’ukwiga uko ivy’akazi vyifashe mu Burundi ukoresheje ibitigiri vyizewe vyatororokanijwe mu gihugu ;</li> <li>• Kugwiza ubuzi butandukanye no gufata mu mugongo amashirahamwe y’abagwiza umwimbu;</li> <li>• Gufasha abakorera mu kinyegero ari nabo batanga ubuzi bwinshi kuja mu nzira y’amategeko kugira ngo baronswe ingurane n’ibindi vyobafasha kurwiza umwimbu mu vy’uburimi n’iyindi myuga y’utugenegene ;</li> <li>• Gukarihiriza ubwenge abanyamyuga n’imboneza ku mitumba kugira bashike mu gutegura neza iterambere ryo mu gihugu hagati rirama;</li> <li>• Guteza imbere ayandi masoko ntanganguvu atamenyerewe ashoboka kandi ku giciro kitavuna mu gihugu hagati;</li> <li>• Gushigikira hamwe no gukarihiriza ubwenge abakozi b’amahinguriro yo mu gihugu hagati mu bisata vyo kugwiza umwimbu no guhingura;</li> <li>• Kunganisha abantu mu vyo kuronswa ivya nkenerwa bijanye no kugwiza umwimbu no kunganisha agahembo ku bakorera muri ico gisata.</li> <li>• Gushigikira abikorera utwabo no gufasha abakora batisunga amategeko mu kubaronsa inyigisho kugira bakore bisunze amategeko hamwe no kubaronsa ubumenyi bukwiriye bwo guteza imbere ibikorwa vyabo no gushigikira amashirahamwe yo mu gihugu hagati mu gushiraho urwego ruza rurafasha mu gutanga intumbero no gutanga akazi</li> <li>• Kugwiza no guha agaciro ibikorwa bijanye n’ingenzi n’ubutunzi ndangakaranga ;</li> <li>• Gukarihiriza ubwenge no kwigisha ibijanye n’ivy’ingenzi</li> </ul>
---	--

	<p>abafasha ingenzi (bamukerarugendo) mu gihugu hagati;</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Gutezimbere no gutera intege abanyamitahe bigenga ku ngero zose ;</li> <li>• Gutezimbere hamwe no gutera intege ugufashanya kuri hagati ya leta n’abigenga ku ngero zose;</li> <li>• Gushiraho ikigega c’ingwati kugira cunganire imitahe y’abigenga no kugwiza amashirahamwe yo kuziganya no kuguranana mu gihugu hagati;</li> <li>• Gukarihiriza ubwenge abakozi bo mu nzego zishigikira imitahe y’abigenga;</li> <li>• Gutezimbere hamwe no gutera intege abanyamitahe no guha akazi urwaruka.</li> </ul>
<p>8.3 Gutezimbere imigambi ishimikiye kw’iterambere ryorohereza ibikorwa bitanga umwimbu, ibikorwa bigwiza akazi kabereye, gutunganya ibikorwa vy’ukwiteza imbere, kwiyumvira nugushiraho ibikorwa bishasha, gushigikira ivuka ry’amashirahamwe mato mato, no kuyorohereza mu kwinjira mu bisata bikorera ahabona harimwo no koroherezwa mu bikorwa bijanye n’ukuziganya n’ukuguranana.</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Gushiraho ikigo gishinzwe gushinga imigambi mishasha n’ugufashanya mu Burundi;</li> <li>• Gutanguza ikigo gishinzwe gushigikira amahinguriro ari mu ngorane;</li> <li>• Guhimiriza imigambi yo kwiteza imbere yerekeye abakenyezi n’urwaruka ;</li> <li>• Gutanguza amashirahamwe ndangakaranga nka kimwe mu nkingi mu vy’ukugwiza akazi n’ubutunzi</li> <li>• Gutezimbere igisata c’utugenegene kikaba nkimwe mu nkingi mu vy’ukugwiza akazi n’ubutunzi ;</li> <li>• Gukarihiriza ubwenge abakora mu nzego zishigikira iterambere ry’amahinguriro ;</li> <li>• Gutezimbere ugufashanya mu bisata bikenewe kurusha ibindi n’ugutanga imitahe kubafise imigambi mishasha irashe;</li> <li>• Gushiraho icuka ciza mu bafashanya kurangura iyo migambi.</li> </ul>
<p>8.9. Gushika mu 2030, gutegura n’ugushira mu ngiro imigambi ifise ihangiro ry’uguteza imbere igisata c’ingenzi mu buryo burama arivyo bizotanga ubuzi be no guha agaciro imico hamwe n’ivyimbura mu gihugu.</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Gushiraho ubuhinga bwo gukingira no guha agaciro ibibanza vy’ingenzi na cane cane mu kubitunganya neza no mu kwerekana aho bigarukira ;</li> <li>• Gushigikira iterambere ryubakiye k’ubutunzi bw’ibidukikije n’ingenzi kandi buteza imbere abanyagihugu;</li> <li>• Gutororokanya ibintu ingenzi zikunda bikanazikwegakwega haba izo mu gihuguhagati canke izivuye mu mahanga ;</li> <li>• Gushiraho urwego rwo gukomeza ubucuti mu vy’ingenzi n’ibindi bihugu ;</li> <li>• Gutegura umugambi wo kumenyekanisha wokoreshwa n’amashirahamwe akorera mu gisata c’ingenzi mu Burundi kugira ngo uwo mugambi utume ico gisata gishobora guhiganwa n’ibindi vyo mu karere</li> </ul>

<b>Ihangiro rya 9: Gushiraho inyubako zikomeye, guteza imbere amahinguriro afasha kandi akagirira akamaro bose hamwe n'ugutera intege abafise imigambi mishasha.</b>	
<p>9.1 Gushiraho inyubakwa zimeze neza, zikomeye kandi ziramba dushizemwo n'inyubakwa ihuriweko n'akarere, mu ntumbero yo kworohereza iterambere ry'ubutunzi n'ukubaho neza kw'ikiremwa muntu, mu gushimikira ku burenganzira kuri bose, ku giciro kitavuna kandi mu buryo bungana</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Gushiraho ubuhinga bwo gukingira inyubakwa, ukuzisanura n'ukuzitezimbere ;</li> <li>• Gukwiragiza amabarabara y'ikaburimbo kugira ngo uturere twose dufise ubutunzi kama dushikirwe;</li> <li>• Gushiraho inzira zitandukanye igihugu gicishamwo ivya nkenerwa hisunzwe umugambi w'akarere ka Afirika y'ubuseruko ku vyo gutezimbere amabarabara y'imihora itandukanye nk'ibarabara (Mombasa-Voi-Eldoret-Bugiri-Kampala-Masaka-Kigali-Kibuye-Kayanza-Bujumbura ringana ibirometero 1800) ku vyerekeye umuhora wo mu buraruko, ibarabara (Tunduma-Sumbawanga-Kasulu-Makamba-Nyanza-Lac-Rumonge-Bujumbura ringana ibirometero 1 300) ku muhora wo mu bumanuko.</li> </ul>
	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Guteza imbere umugambi wo kwisunga no gukurikiza amategeko ngendegwako ya OACI ;</li> <li>• Guteza imbere ugutwara ibintu n'abantu hakoreshejwe imihora yo mu mazi n'ukwubaka inyubakwa ku vyambu ku buhinga bwa none ;</li> <li>• Guteza imbere ivyerekeye kwunguruza ibintu n'abantu hakoreshejwe ibarabara ry'indarayi zubatswe ku buryo bwa none ;</li> <li>• Guteza imbere itunganywa ry'ingomero z'umuyagankuba</li> </ul>
<p>9.3. Kugwiza, na cane cane mu bihugu biri mu nzira y'amajambere , uburenganzira bwo gushikira amashirahamwe y'amahinguriro , ibijanye no kubitsa hamwe no kuguranana, harimwo n'ingurane zumvikanyweko ku buryo butavuna n'ugukorera hamwe mu runani rw'agaciro no ku masoko</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Guteza imbere ugukorana hagati y'abakorera Leta n'abikorera ivyabo mu ntumbero yivuka ry'amashirahamwe n'ibigo vy'ubushakashatsi bishoboye gukora neza ivyigwa ;</li> <li>• Guteza imbere ugushiraho ibigega vy'ingwati ;</li> <li>• Gushira imbere inzego zifise ubuhinga mu vyerekeye gutanga imitahe ku mashirahamwe matomato n'ayagereranye (PME) ;</li> <li>• Gushirimbere umugambi w'ugutanga ingurane ufasha mu gushigikira amashirahamwe mato mato be n'ayagereranye.</li> </ul>
<b>Ihangiro rya 10 : Kugabanya ubusumbasumbane hagati y'ibihugu no hagati mu bihugu ubwavyo</b>	
<p>10.1. Gushika mu 2030, gukora ku buryo bugenda buratera imbere, umwimbu ungana mirongo ine kw'ijana uronkwa n'abakene wokwiyongera n'ingoga kurusha umwimbu w'igihugu muri rusangi, kandi bikaba ibirama</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Gukomeza imigambi y'uguhindura imibereho y'abanyagihugu bakenye kugira baronke uburyo bubafasha kuronka ivya nkenerwa vy'ibanze mu buzima ;</li> <li>• Gufasha abantu bose kugira baronke ivyankenegwa mu vy'imibano y'ibanze, kuvuzwa, kwiga, kuronka amazi, ivyisuku n'uburaro.</li> <li>• Gutezimbere ugukora ibikorwa bitandukanye mu</li> </ul>

	vy'ubutunzi, mu gutuma abantu bo hagati mu gihugu bahindura ingendo mu gushiraho ubuzi bubereye atari ubw'uburimy.
10.2. Gushika mu 2030, gufasha abantu bose kwigenga no gufasha kubanywanisha mu vy'imibano, mu vy' ubutunzi na poritike, hadafatiwe ku myaka, ku gitsina, ubumuga, urukoba ubwoko, amamuko, amadini, amikoro canke ibindi	
10.4 Gufata ingingo na cane cane ku mafaranga akoreshwa imigambi ya leta, imishahara hamwe n'ibijanye no gutegurira kazoza abantu mu ntumbero yo gushika ku kungana nyakuri	
<b>Ihangiro rya 11 : Ibisagara n'ibibanza bihurirwamwo n'abantu benshi, bose bafiseko uburenganzira, hizewe kandi hameze neza</b>	
11.1.1. Gushika 2030, gushiraho imigambi yotuma umuntu wese aronka uburaro n'ivya nkenerwa bishemeye mu buzima bwa minsi yose, ku giciro kitavuna no gutunganya ibisagara.	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Gutegura itegeko ryerekana ukungene ibisagara vyo tuganganywa neza n'intumbero z'ukungene vyo tera imbere ;</li> <li>• Gushiraho amategeko atomora neza uko ibisagara vyoba bitunganijwe n'ababibamwo uherye ku gisagara gikuru, karitiye ziri ku mpera y'igisagara n'ibisagara vyo mu gihugu hagati. Gutegekanya ko inzego za komine zigira ububasha bukwiye mu duce turi mu misozi ikukira komine. Kwemeza imbibe z'ibisagara ufatiye ku turere two hagati mu gihugu tuyegereye.</li> <li>• Kumenya ivyo abantu birukira mu bisagara no mu bigwati hamwe no gukwirikirana ingaruka mbi zavyo ;</li> <li>• Gukwirikirana igwirirana ry'abantu mu bisagara ufatiye ku bijanye n'uburyo bwo kubaho bw'abarundi bufatiye k'ubutandukane mu vy'akazi n'imibano y'ababa mu gisagara ;</li> <li>• Kwerekana intambamyi zijanye no gutunganya amatungo kama, amasoko ntanganguvu n'imicafu mu gisagara</li> <li>• Gushira mubijanye no gutunganya igisagara imbibe z'aho cogarukira hamwe n'ivyoshirwa imbere mw'iyaguka ryaco ;</li> <li>• Gufata mu minwe ibikorwa biri hagati yo gutunganya imigambi no gutunganya igisagara hamwe n'umugambi w'iterambere ry'uburimy.</li> </ul>

<p>11.2. Gushika mu 2030, gufasha bose gushikira uburyo bwo kwiyounguruzwa bwizewe, bumeze neza ku giciro kitavuna mu gutezimbere umutekano wo mw'ibarabara na cane cane mu guteza imbere ukwiyounguruzwa kw'abantu, na cane cane ukwitwararika vya nkenerwa vy'abantu bari mu bihe bitoroshe, abapfasoni, abana abagendana ubumuga n'abageze mu za bukuru</p>	
<p>11.4. Gukomeza utwigoro two gukinga no gukingira amatungo y'imico kama n'amatungo kama yo kw'isi.</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Gushiraho amategeko atomora neza uko ibisagara vyoba bitunganijwe n'ababibamwo uherye ku gisagara gikuru, karitiye ziri ku mpera y'igisagara n'ibisagara vyo mu gihugu hagati.</li> </ul>
<p><b>Ihangiro rya 12 : Gushiraho uburyo bwo gukoresha n'ukuwugwiza umwimbu ushimishije</b></p>	
<p>12.2. Gushika mu 2030, gushika kwitunganywa, rirama no gukoresha neza amatungo kama</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Gutezimbere uburyo bwo gutunganya neza amatungo kama;</li> <li>• Kugabanya ibice 3 kw'ijana vy'ivyuka vyonona ikirere dufatiye kw'ihangiro ryo gushika mu 2030 ;</li> <li>• Kugabanya ibice 20 kw'ijana vy'ivyuka vyonona ikirere kuva mu mwaka wa 2016 dufatiye kw'ihangiro ryo gushika mu 2030.</li> </ul>
<p>12.4. Gushika mu 2020, gushiraho itunganywa ryiza ry'ibidukikije, ibihinguwe birimwo ubumara n'imicafu igihe cose bimara ufatiye ku ngingo ngenderwako zapfunditswe ku rwego mpuzamakungu no kugabanya bimwe biboneka ivyo kubikwiragiza mu kirere, mu mazi , mu kuzimu , mu ntumbero yo kugabanya ingarukambi za vyo ku magara no kubidukikije</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Gukomeza uburyo bwogutunganya neza ivyahinguwe birimwo ubumara hamwe n'imicafu.</li> </ul>
<p>12.5 Gushika mu 2030, kugabanya bimwe biboneka ivyerekeye igwirirana ry'imicafu mu gukinga, kugabanya no guhingura ibikoresho bimaze gukora kugirango bisubire gukoreshwa</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Gukomeza uburyo bwo gutunganya ivyahinguwe birimwo ubumara n'imicafu</li> </ul>



<p>12.6. Gutera intege amashirahamwe na cane cane amashirahamwe makuru makuru n'ayahuza ibihugu kugira atangure gukora mu buryo burama hamwe n'ugushira mu vyegeranyo bakora amakuru ajanye n'ibandanya ry'ibikorwa vy'ihinguriro</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Gukomeza uburyo bwo gusuzuma no gukwirikirana inkwirikizi ziterwa n' amahinguriro ku bidukikije.</li> </ul>
<p><b>Ihangiro rya 13: Ingingingo zihuta zo kurwanya ihindagurika ry'ibihe n'inkwirikizi bijanye</b></p>	
<p>13.1 Kwongereza, mu bihugu vyose, inguvu n'ubuhinga mubijanye noguhangana n'ihindagurika ry'ibihe hamwe n'ibiza kama bijanye n'ikirere.</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Gushira mungiro umugambi w'igihugu wingene abantu bokwifata kubijanye n'ihindagurika ry'ibihe (PANA);</li> <li>• Gushira mu ngiro umugambi w'igihugu ujanye no guhangana n'ihindagurika ry'ibihe CPDN (Urutonde rw'ivyokorwa n'igihugu mu ntumbero yoguhangana n'ihindagurika ry'ibihe);</li> <li>• Kugabanya bimwe biboneka ivyotsi vyonona ikirere kugira ngo dushobore guhangana n'ingorane zifatiye kw'ihinduka ry'ibihe mu kubandanya turimbura izindi ntambamyi zihanze iterambere biturutse kuri izo mvo</li> </ul>
<p>13.2. Gushira mu ngingo zifatwa mu vy'ubuhinga no mu gutunganya ivy'igihugu ingingo zijanye n'ihindagurika ry'ibirere</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Kwinjiza mw'itegurwa ry'imigambi Leta ingingo zijanye n'ivyihindagurika ry'ibihe.</li> </ul>
<p>13.3. Guteza imbere indero, uguhimiriza hamwe n'ubushobozi bw'umuntu umwe umwe hamwe n' ubw'inzego ku vyerekeye uguhangana n'ihindagurika ry'ibihe, ukugabanya ubukare bw'inkwirikizi mbi hamwe n'uburyo bwo gutabaza bwihuta.</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Gukarihiza ubwenge ababifisemwo uruhara mu gushira mu nyigisho ibijanye n'ibidukikije hamwe n'ihindagurika ry'ibihe twisunnze ubuhinga bwa none bwo guhanahana amakuru ku bijanye n'ikirere.</li> </ul>
<p><b>Ihangiro rya 14: Kubungabunga n'ugukoresha ku buryo bwa none amabahari, ibiyaga n'ibindi twokoresha vyo mu mazi mu ntumbero y'iterambere rirama.</b></p>	
<p>14.4 Gushika mu mwaka 2020, gushira mu mategeko neza uburovyi, guhagarika uburovyi burenze urugero, bwo mu kinyegero, butamenyeshejwe, butemewe n'amategeko, bwonona hamwe n'ugukora imigambi itunganywa ifatiye ku vy'ubuhinga, intumbero hakaba ariyo gushiraho ububiko bw'amafi mu mwanya muto ushoboka, n'imiburiburi ku</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Gukarisha ubwenge mu vyerekeye imigambi n'amategeko agenga igisata c'uburovyi</li> </ul>

<p>rugero rutuma haboneka umwimbu mwinshi udahinduka ufatiye ku bimenyetso vy'ubuzima bw'izo fi</p>	
<p>14.7 Gushika mu mwaka wa 2030, kuronsa akarusho ama leta mato mato ari muri ivyo biyaga asanzwe ari mu nzira y'amajambere hamwe n'ibihugu bidateye imbere ingaruka nziza z'ubutunzi zivuye mw'ikoreshwa rirama ry'ibiva mu biyaga na cane cane ufatiye kw'itunganywa rirama y'uburovyi, ubworozi bw'amafi hamwe n'ingenzi</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Guteza imbere uburyo bw'itunganywa rirama ry'ubutunzi bwo mu mazi.</li> </ul>
<p><b>Ihangiro rya 15: Gukingira hamwe no kugarukira ibinyabuzima vyo kw'isi, kurwanya ubugaragwa.</b></p>	
<p>15.3. Gushika mu 2030, kugwanya ubugaragwa, gusubiza akanovera amatongo n'amasi yagatakaje na cane cane amatongo yakozweko n'ubukene bw'imvura, ubugaragwa, n'imyuzurira mu ntumbero y'ukuronka isi izira gutituka.</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Kunagura uburere bw'amashamba hamwe n'ubw'uburimyi ;</li> <li>• Kwongereza impwemu nziza biciye mu kurwanya imyuka bibi vyo mu kirere mu gutera ibiti mu karere kangara na hectometro kwararato 4000 ku mwaka mu kiringo c'umyaka 15 kuva mu mwaka wa 2016: (i) Gutera ibiti kuri hectometro kwadarato 8 000 ku mwaka, mukiringo c'umyaka 15 kuva mu mwaka wa 2016. (ii) Gusubiriza ijana kw'ijana, gushika mu kiringo c'umwaka 2030 amatanure yose yakera arungika imyotsi bibi mu kirere, hamwe n'imiryango yose (amashiga yo mumazu yakera).</li> </ul>
<p>15.4 Gushika mu 2030, gukingira ibinyabuzima vyo ku misozi na cane cane mu butandukane bwavyo kugirango dukuremwo inyungu mu vyiza bibikomotseko mubijanye n'iterambere rirama.</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Gukomeza ikingirwa ry'ibinyabuzima vyo mu misozi.</li> </ul>
<p>15.7. Gufata ingingo zihuta kugira ngo turandurane n'imizi uguhiga n'urudandazwa rw'ibiterwa n'ibikoko bikingiwe no guhangana n'ingorane ufatiye ku vyo abantu batanga n'ivyo bakenera kw'isoko.</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Gukomeza kurwanya uruhigi hamwe n'idandazwa vy'ubwoko bw'ibiterwa hamwe n'ibikoko bikingiwe.</li> </ul>

Ihangiro rya 16: Guteza imbere umuzo w' amashirahamwe y'amahoro yugururiwe bose mu ntumbero y'iterambere rirama, guha uburenganzira abantu bose bwo gushikira ubutungane no gushiraho, kungero zos , inzego zikora neza kandi zugururiwe bose .	
16.1. Gushika mu 2030, kugabanya biboneka kw'isi yose ubwoko bwose bw'ihohoterwa hamwe no kugabanya urugero rw'impfu bijanye	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Gukomeza amahoro ;</li> <li>• Kugabanura urudandazwa rw'ibirwanisho ;</li> <li>• Kurandurana n'imizi ubukozi bw'ikibi buteguwe ;</li> <li>• Gukomeza ubutungane na Leta ishingiyeye ku mategeko ;</li> <li>• Gukomeza intwari ibereye, kugaruza hamwe no gusubiza Leta amatungo yayo yanyurujwe ;</li> <li>• Kugabanya ubusumbasumbane bufatiye kugitsina hamwe no kuronsa ubwigenge abakenyezi.</li> </ul>
16.3. Gutezimbere iyubahirizwa ry'amategeko ku rwego rw'igihugu na mpuzamakungu hamwe no guha abantu bose uburenganzira bungana bwo gushikira ubutungane.	
16.4. Gushika mu 2030, kugabanya biboneka amafaranga aciyeye mu kinyegero n'idandazwa ry'ibigwanisho, gukomeza ibikorwa vyo kugarukana no gusubiza amatungo yibwe hamwe no kugwanya ubwicanyi bwose buteguwe	
16.5. Kugabanya bimwe biboneka igiturire n'umugirwa ujanye naco mu buryo ubwo aribwo bwose.	
16.6 Gushiraho inzego zibishoboye, zikora neza, mu mucu kuva hasi gushika hejuru.	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Gukarihiriza ubwenge abashingamateka hamwe n'ukubibutsa ico bajejwe ku banyagihugu;</li> <li>• Kuronsa ubutungane kuri bwose ;</li> <li>• Gukarihiriza ubwenge abajejwe intwari hamwe n'ukubibutsa ico bajejwe ku banyagihugu.</li> </ul>
16.9. Gushika mu 2030, guha uburenganzira bwemewe n'amategeko kuri bwose na cane cane ufatiye mu kwandika abavutse	

Source : Traduit par les experts

